



Administrasyon mwen an te bay tèt li priyorite pou li akselere pwojè enfrastrikti ki sipòte alafwa yon ekonomi pwospè ak yon anviwònman pwòp e ki bon pou lasante. Depi 2022, Konte Miami-Dade te alwe apeprè \$230 milyon nan inisyativ Connect 2 Protect (C2P) WASD a pou elaji sistèm egou santralize nou an, sa pèmèt rezidan yo konekte avèk li epi elimine fos septik yo ki vyeyi e vilnerab.

Konte a rekonèt ke tranzisyon sa a kapab yon fado finansye. Li te lanse yon pwogram asistans finansye pou ede asire rezidan yo gen aksè ekitab a sèvis fyab pou dlo ize ki pwoteje sante piblik la ak anviwònman nou an. Yon fwa yo fin fè pwosesis konvèsyon egou a, pwopriyetè kay yo ka wè yon ogmantasyon nan valè pwopriyete yo pandan yo ap ba yo fleksibilite pou adisyon ak amelyorasyon nan kay la.

# MODÈNIZE SÒTI NAN FOS SEPTIK POU ALE NAN EGOU

## AVÈK SIPÒ FINANSYE—APLIKE JODI A!

Pwogram Asistans Finansye Depatman Dlo ak Egou Miami-Dade ap **aksepte** aplikasyon kounye a. Pwopriyetè ki elijib yo ka resevwa jiska \$15,000 atravè sibvansyon, prè san enterè oubyen prè avèk enterè fèb pou konvèti sistèm septik yo an sistèm **sèvis** egou Konte a.

### FINANSMAN DISPONIB:

- Sibvansyon
- Prè avèk Restriksyon sou Revni
- Prè san restriksyon

### ELIJIBILITE:

- Pwopriyete rezidansyèl Miami-Dade avèk Egzanpsyon Homestead.
- Dwe kenbe Egzanpsyon Homestead la pandan senk ane apre ou fin resevwa lajan an.
- Taks sou pwopriyete yo dwe ajou epi yo pa dwe gen okenn dèt Konte ki anreta.
- Dwe gen yon liy egou disponib toupre pwopriyete w la.



## APLIKE KOUNYE A!

Eskane Kòd QR la oubyen vin vizite youn nan biwo sèvis kliyan nou yo pou w ka aprann plis, e pou w aplike.

Pou w jwenn enfòmasyon sa a nan yon fòm aksesib, tanpri rele 786-552-8688.

